



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 22YÈM FWA KARYÈ ANYÈL DOKTÈ MARTIN LUTHER KING JR., K AP FÈT 7 AVRIL

Evènman nan Sant Kongrè Empire State Plaza a nan Albany gen ladan plis pase 150 biznis patispan ak 9,300 travay ki disponib

Apiye sou plan global Gouvènè Hochul la pou ranfòse mendèv New York la ak rekonstwi ekonomi an

Nou ankouraje moun k ap chèche travay yo pou yo enskri alavans [isit la](#)

Nouvo ane sa: Kyòsk enfòmasyon ki prezante opòtinite karyè ki gen pou fèt nan endistri kanabis New York la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke 22yèm Fwa Karyè Doktè Martin Luther King, Jr., ki pral fèt an pèsòn pou premye depi lè pandemi COVID-19 la te kòmanse nan jedi 7 avril 2022, nan Sant Kongrè Empire State Plaza (Empire State Plaza Convention Center) nan Albany soti 11 a.m. rive 3 p.m. Plis pase 150 biznis pral disponib pou ofri entèvyou pou travay sou plas avèk reprezantan konpayi yo ki ofri plis pase 9,300 opòtinite.

"Administrasyon mwen an konsantre anpil sou konekte Nouyòkè yo avèk opòtinite travay esansyèl ki kapab mete yo sou wout pou gen yon karyè reyisi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anplwayè lokal yo bezwen travayè konpetan pou kenbe elan ekonomik pozitif nou an ak pèmèt New York kontinye avanse. Mwen ankouraje tout Nouyòkè k ap chèche nouvo opòtinite karyè, sa gen ladan sila yo ki nan endistri kanabis, pou yo enskri pou fwa karyè a jodi a".

Fwa karyè sa apiye sou plan global Gouvènè Hochul la pou ranfòse mendèv New York la ak ekonomi an apre pandemi an. Inisyativ sèt etap la—ki prezante nan Diskou Eta Gouvènè Hochul 2022 a—reyimajine epi revize apwòch New York pou devlopman mendèv lè li konsantre sou bezwen rejyonal yo, k ap kreye epi ogmante aksè nan sèvis karyè ak travay pou lavni yo, epi idantifye mwayen inovatè pou konstui mendèv lavni an.

Nouvo adisyon yo nan fwa ane sa a gen ladan yon espas ki gen enfòmasyon pou Nouyòkè yo ki enterese nan pwochen opòtinite karyè nan endistri kanabis la ak yon kyòsk k ap ofri resous sou sante mantal ak enfòmasyon sou byennèt. Moun k ap chèche travay yo kapab pwofite tou sèvis rechèch travay sou plas yo, sa gen ladan èd pou fè CV. Yon sal resous pral disponib pou moun k ap chèche travay yo kapab fè rechèch sou opòtinite anplwa epi ranpli aplikasyon sou entènèt yo. Evènman an, ke Depatman Travay Eta New York ak Biwo Sèvis Jeneral la sipòte ansanm, gratis pou moun k ap chèche travay ak pou biznis yo tou.

Nou ankouraje patisipan yo pou yo abiye yon fason pwofesyonèl epi pote plizyè kopi CV yo. Biznis ki prevwa fè anbochaj sou plas yo enkli:

- Biwo Resansman Etazini
- Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York
- Lapolis Eta New York
- FedEx
- Biwo Sante Mantal Eta New York
- Otèl Six Flags Great Escape
- Sèvis Lapòs Etazini
- Attentive Care
- Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral Eta New York
- Capital Region BOCES

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Swa w ap chèche premye travay ou, yon nouvo travay oswa ap panse chanje karyè, kounye a se moman pafè pou w chèche. Se premye fwa nou te kapab òganize evènman an an pèsòn depi kòmansman pandemi an epi mwen kontan nou kapab ofri ou opòtinite pou rankontre fas a fas avèk anplwayè k ap chèche tout nivo eksperyans".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette M. Moy, te deklare, "Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la eksite pou li òganize Fwa Karyè Doktè Martin Luther King, Jr. epi tounen akeyi moun k ap chèche travay yo yon lòt fwa ankò nan Sant Kongrè Empire State Plaza. Nou ankouraje moun k ap chèche travay yo pou rejwenn nou nan dat 7 avril konsènan divès kalite travay ak opòtinite fòmasyon dirèkteman kote anplwayè yo ak ekip k ap anboche yo. Ekonomi Eta New York la te frape akòz pandemi an epi evènman sou rekritman yo se yon gwo aspè nan apwòch global Eta a pou rekipere apre bès sa epi rekonstwi yon mendèv pou avni nou".

Fwa Karyè Doktè King lan se youn nan evènman yo plis patisipe ladan nan rejyon an. Pandan pandemi an, Depatman Travay la te òganize oswa patisipe nan plis pase 65 fwa karyè vityèl ak evènman rekritman ki pèsonalize, ki sèvi a peprè plizyè milye biznis ak moun k ap chèche travay nan Eta New York.

Nou ankouraje moun ki vle ale nan fwa a pou yo [enskri sou entènèt](#). Espas yo limite -

epi patisipasyon yo ta dwe anpil - kidonk nou ankouraje Nouyòkè yo anpil pou yo anrejistre pi bonè posib.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)